



**FONDASYON JE KLERE**

Une Fondation  
une nouvelle Forme  
de Citoyenneté  
Une Nation

## ***Reflexyon sou 8 Mas, Jounen Entènasyonal Dwa Fanm : Fanm nan mache peyi d'Ayiti, yon gwo kategori moun Pouvwa Leta yo neglige***

Nan okazyon 8 mas, ki se *Jounen Entènasyonal Dwa Fanm, Fondasyon Je Klere* (FJKL) vle salye kouraj tout fanm ayisyèn, espesyalman sila yo k ap chache lavi chak jou nan mache yo nan tout peyi a, anba gwo difikilte alòske pouvwa Leta yo, pi souvan, pa manke vire gade.

N ap fè sonje alapapòt manman lwa peyi a, Leta ayisyen pran angajman pou *li garanti dwa fondalnatal tout Ayisyen, Ayisyèn, yon seri dwa ki gen rasin yo nan Ak lende pandans Ayiti ak fondman Deklarasyon Invèsel Dwa Moun*. Nan atik 19 manman lwa peyi a, Leta bay tèt li «*obligasyon pou li garanti dwa lavi, dwa lasante, respè ak diyite tout sitwayen san paspouki, jan Deklarasyon Invèsel Dwa moun nan mande sa*». Kisa mouche Leta fè pou 1 respekte angajman 1 tout bon vre pou machann yo ? Yon kout je :

### **I- Lavi machann nou yo**

#### **1.1 Anvan yo rive nan mache yo**

Machann yo fè pati gwoup moun ki pi ekspoze chak jou nan ensekirite sou tout fòm ki gaye toupatou nan peyi a. Tankou lè yo pral pran machin ak machandiz yo, zenglendo konn bare yo epi fè vye zak sou yo.

## **1.2 Pandan yo nan mache yo**

Kè yo sou biskèt pandan y ap vann nan mache a paske sanzatann atoufè k ap regle zafè yo konn grennen bal e sa konn rann gen machann ki viktim. Genyen ki konn blese grav nan prese kouri ranmase machandiz pou sove kite mache a. Lè yon machann viktim, se tout yon fanmi ki dekonstonbre paske anpil fwa se yo menm ki poto mitan kay la.

### **1.2.1 Move anviwònman**

Mache yo parèt souvan yon kote ki bandonnen nan zafè lapwòptay. Fatra nan tout kwen e sa menm konn rive se prèske sou fatra machann yo chita pou vann anpil fwa bagay ki pral nan vant moun. Pi fò mache sa yo pa gen kote kòmsadwa pou machann yo fè bezwen yo.

### **1.2.2 Zak gwo ponyèt**

Gen machann se ponya yo pran pou yo monte ti komès yo, men se konsa yo konn rete chak jou yo wè gen enkoni ak zam k ap vin reklame lajan nan men yo ak anpil move pawòl chaje ak vyolans. Laperèz pran yo e yo blije bay nan ti sa yo genyen ki pa menm kont pou yo viv. Kote Lameri? Kote Lapolis ? Ki moun ki la pou pwoteje machann yo ?

### **1.3 Apre yo fin kite mache yo**

Apre yo fin kite mache yo pou antre lakay yo laperèz pa kite yo paske nouvèl machandiz yo ki boule anba dife nan mache yo ka rive nan zòrèy yo sanzatann.

Anreyalite, mache piblik yo pa janm sispann ekspoze anba vye zak malonèt nan peyi a. Pratik boule mache yo se yon pratik ki makònèn souvan ak vye lojik politik delenkan bò kote gwoup ki vle gen kontwòl espas ekonomik yo. N ap pran kòm ekzanp sa ki rive nan plizyè mache nan kapital la. Soti 2005 pou rive 2020, gen pou pi piti 17 dife ki pase nan mache nan Kapital la (Gerit, An Fè, Tèt Bèf, Taba, Bizoton, Lakoup/Kokoye, Pèpè, Kwadèbouke, Salomon, Dipò...) Byen souvan, dife sa yo se zak kriminèl. Konbyen bandi ki arete depi dat sa a ? Konbyen pwosè ki fèt ? Konbyen moun ki kondane ? Konbyen machann ki jwenn reparasyon pou machandiz yo ki boule ? Kote Lajistis ? Kote Lapolis ? Kote moun k ap mande machann yo vote pou yo ? Ki moun k ap tandé kri machann yo ?

## **II-Dwa pou machann yo jwenn respè**

Ki tretman ajan Lameri bay machann yo ? Konbyen ajan Lameri ki genyen nan mache yo piske machann yo gen 2 kategori moun k ap touche nan men yo ki se Bandi ak Lameri. Konbyen machann bandi rive souflete lè yo pa fè lavant e yo pa gen anyen pou ba yo? Pouki sekirite Lameri gen dwa bouskile machann nan lari yo, kraze treto machandiz yo epi yo pa ka bay machann sekirite anndan mache yo ?

Ki lè yon Komisyon dwa moun nan Palman an te leve ti dwèt li pou di atansyon, machann ki kouri kite Mache Lasalin yo se moun, yo pa dwe vin viv nan kondisyon ki pa respekte dwa moun nan bab Palman an ?

### **III-Dwa pou machann yo jwenn sekirite**

Dapre **Dekrè 2 jen 2006** sou òganizasyon ak fonksyònman komin yo, « *misyon potomitan yon Konsèy Minisipal, kidonk majistra yo, se travay pou amelyore anviwònman ak kondisyon lavi abitan nan komin nan.* » (Atik 63, Dekrè 2 jen 2006).

Menm Dekrè a prevwa pou chak komin gen sa yo rele yon **Konsèy Sekirite Minisipal** ki gen ladan : *Majistra, jij depè, vis delege, komisè polis komin nan, komisè gouvènman komin nan ak prezidan Asanble minisipal la.* (Atik 116, Dekrè 2 jen 2006).

Ki lè machann yo ap benefisyé toutbon aksyon **Konsèy Sekirite Minisipal** la dekwa pou yo ka estab nan mache yo ak kè poze epi pou yo sispann tounen ti poul anba tab bandi ?

N ap fè remake, dapre menm Dekrè a, « *selon sitiyasyon an, Konsèy Sekirite Minisipal la, nan seyans li yo, ka mande prezans reprezantan Kwa wouj, ajan Sante Ministè Sante Biblik ak Popilasyon, epi tou ajan òganizasyon pwoteksyon civil kont dezas ak sekou, ansanm ak òganizasyon nan sosyete civil la.* » (Atik 116-1, Dekrè 2 jen 2006)

Pandan nouvèl yon mikwòb tèt chaje ki rele Kowonaviris ap bay kè sote toupatou, ki dispozisyon **Konsèy Sekirite Minisipal** yo déjà pran pou pwoteje machann nou yo ak moun ki frekante mache yo toupatou nan peyi a ? Sou sa, li ta bon pou Meri yo enfòme machann yo ak asosyasyon machann yo nan 10 departman peyi a.

### **IV-Angajman sosyete a vizavi Machann yo**

Noumenm Ayisyen-Aisyèn, machann yo se manman nou, se sè nou, se madanm nou, se grann nou, se kouzin nou, se marenm nou, se matant nou...se pratik nou. Yo mache chache lwen pou pote ban nou, nan tout kouch nan sosyete a. Ann pote solidarite sitwayen- sitwayèn nou ba yo.

Yon Leta ki pa gen gwo mwayer pa vle di yon Leta irresponsab wè pa wè. Leta ayisyen dwe salye volonte ak kouraj moun sa yo, ki kreye yon aktivite pou yo fè olye yo lage nan mande ni nan volè pou yo okipe tèt yo ak fanmi yo. Se youn nan aktè nan sosyete a ki pèmèt ekonomi an vire epi pwodui n ap manje yo sikile.

### **V- Pou fini**

Nan kad *Jounen Entènasyonal Dwa Fanm, Fondasyon Je klere* (FJKL) mande :

- 1- Pouwva Leta yo respekte angajman ki déjà pran nan manman lwa peyi a pou yo garanti dwa lavi, dwa lasante ak diyite tout moun, ladan yo machann yo nan kat kwen peyi a ;

- 2- Respekte *Konvansyon "Belem Do Para"* a Ayiti ratifye depi 3 avril 1996 e ki mande pou Leta pa kite moun fè vyalans sou fanm, sanksyone moun k ap fè vyalans sou fanm epi elimine vyalans k ap fêt sou fanm sou tout fòm ;
- 3- Meri yo travay nan tèt kole ak *Direksyon Defans ak Pwomosyon Dwa Fanm yo* (DDPDF) nan *Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm* pou tanmen bon jan aksyon k ap pote plis respè pou fanm machann yo nan tout nivo ;
- 4- *Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm*, kòm yon ministè transvèsal, monte bon jan patenarya ak Inivèsite Leta a pou diplome nan travay soysal yo mennen ankèt sou mache nan tout peyi a, sann pa blyie mache fontyè yo, yon fason pou responsab ki konsène nan Leta yo gen yon bank done sou mache yo. Konsa, yo va wè pi klè nan ki direksyon pou yo aji e ki bon mezi yo ka pran pou leve kondisyon fanm machann nou yo nan tout peyi a.

## Pòtoprens, 6 mas 2020

*CP/FJKL6 / 06032020 / 8 mas, Jounen Entènasyonal Dwa Fanm : Fanm nan mache peyi d Ayiti, yon gwo kategori moun Pouwva Leta yo neglige*